



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO JÈ DOUCHAN NAN PAK ETA VERONA BEACH LA

### *Jè Douchan an se Dènye Eleman nan yon Seri de Amenajman y ap fè pou Amelyore Eksperyans Pak la pou Rezidan ak Vizitè nan Konte Oneida yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti yon nouvo jè douchan ki koute 180,000 dola nan Pak Eta Verona Beach la nan Konte Oneida. Enstalasyon dlo sa se dènye eleman nan yon seri de pwojè k ap fèt nan pak la yo ki gen ladan yon nouvo sal de ben piblik, paviyon fèmèn, twa abri a piknik, ak modènizasyon espas pakin yo. Envestisman ki soti nan pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a ap finanse amelyorasyon yo.

“Rejyon Mohawk Valley a gen espas lwazi anplennè premye plan, epi dènye investisman sa a nan Verona Beach la pral garanti fanmi yo gen aksè a aktive ete sekirize epi ki agreyab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Atravè inisyativ NY Parks 2020 an, nou ap ranfòse eksperyans vizitè yo epi transfòme rejyon an pou l vin tounen yon destinasyon touris premye plan pou sezon k ap vini an yo.”

Nouvo jè douchan ki mezire 2,000 pye kare sa a gen ladan:

- 17 jè dlo anba tè;
- Sis jè dlo sou tè;
- Yon tèm plant natirèl ak plaj;
- Twa aktivatè ki kontwole diferan zòn k ap espray dlo yo; ak
- Yon òdinatè k ap kontwole sekans espray dlo a yo.

Kèk nan eleman aparèy la yo pèmèt timoun yo entèraji ak jè douchan an lè yo vire an won oswa sekwe l, epi lè yo mete men yo ak pye sou jè dlo an pou ogmante presyon lòt jè douchan an yo, sa k ap fè dlo a monte pi wo.

Jè douchan an konekte ak sistèm minisipal Otorite Dlo Konte Onondaga (Onondaga County Water Authority), sa k ap founi yon sous dlo pwòp, san danje pou timoun ak fanmi yo ka jwi. Jè douchan an pral ouvri soti 9 è a.m. rive 8 è p.m sèt lasemèn, depandaman de kondisyon metewo yo.

Anplwaye rejyonal Pak Eta a yo (State Parks) te konsepsyone epi enstale pwojè a, l ap konplemanche achitekti ak modènizasyon lòt nouvo amelyorasyon k ap fèt nan Verona Beach la yo. Yo te envesti 4.3 milyon dola ototal pou konstwi nouvo sal de ben piblik la, paviyon fèmen an, twa abri a piknik, ak modènizasyon espas pakin yo, tout travay sa yo te fini nan kòmansman ane sa a.

“Jè douchan an se yon nouvo opsyon amizan pou fanmi ki gen jèn timoun yo rafrechè yo an sekirite pandan y ap vizite plaj Pak Eta Verona Beach yo revitalizè a”, **Komisyonè Pak Eta yo Rose Harvey te deklare.** “Non sèlman timoun pral pase yon bon tan nan jè douch la, li pral ede ankouraje timoun yo angaje nan jwèt aktif ki bon pou sante yo, epi y ap mete yon koneksyon ak pak yo ak aktivite anplennè nan yo pou tout lavi yo.”

**Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, te deklare,** “Nouvo jè douchan ki nan Pak Eta Verona Beach la se yon bagay mèveye yo ajoute la nan yon enfrastrikti ki te deja popilè nan Konte Oneida. Anpil rezidan ak vwayajè nan konte a yo renmen vizite pak la pou yo naje, fè piknik ak kan nan Lak Oneida, epi nouvo eleman sa a pral rann li vin yon atou ak yon atraksyon ki pi solid toujou. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou fon yo te dedye pou rann sa vin yon reyalitye”.

Amelyorasyon nan Verona Beach yo fè pati [pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a](#) k ap rantabilizè 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo soti an 2011 rive 2020. Bidjè 2017-18 Eta-a prevwa 120 milyon dola pou direksyon inisyativ sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418